

NLRB Sistèm enfòmasyon elektronik

NLRB E-Filing System



E-FILING AVEK NLRB

Konsèy Nasyonal Relasyon Travay ankourajé fòteman pati yo oswa lòt moun pou itilize sistèm elektronik ajans la pou kapab ranpli dokiman yo elektronikman nan ka pratik delwayal travay e reprézantasyon ka yo avèk biwo sekretè ekzekitif la, Divizyon jij yo, Biwo Avoka jénéral apèl, ak Rejyonal, Sou-rejyonal, e biwo rézidan yo.

Sistèm élektronik NLRB pa kapab itilize kounyé-a pou dépozé yon plaint oswa pétisyon pou inisyé pwosédi avèk Ajans la. Toutfwá sistèm nan fè klasman tout lòt dokiman yo pi fasil e pi efikas, avèk sa pwosédi-a vini senplifyé.

Ranpli dokiman elektronikman avèk
KONSEY NASYONAL RELASYON
TRAVAY

KONSEY NASYONAL RELASYON
TRAVAY

1099 14th Street, NW
Washington, DC 20570
www.nlr.gov

SISTEM E-FILING NLRB-A FE KLASMAN DOKIMAN YO PI FASIL E PI EFIKAS.

Ou genyen plis tan pou ranpli e ou genyen asirans ke dokiman-ou yo ap résewva pa Ajans la.

KI JAN POU RANPLI DOKIMAN ELEKTRONIKMAN

Pou ranpli dokiman élektronikman avèk NLRB, alé nan adrès intènèt ajans la nan: www.nlr.gov. Ou ka gen aksè nan sistèm elektronik la nan paj dakèy ajans la lè-w navigé sou tab "E-Gov", epi séleksyoné swa "My NLRB" oswa "E-Filing" nan meni ki désann anba. Si-w anrejistré avèk "My NLRB," ou kapab konekté lè-w antré non itilizatè -w avèk modpass-w. Ou ka ranpli dokiman yo elektronikman san-w pa anrejistré oswa konekté, men nou ankourajé-w fòteman pou anrejistré pou ka itilizé karate "log in" nan. Anrejistreman ap akséléré antré doné elektronik paské kontak enfòmasyon-w ap déja nan sistèm nan. Anregistreman ap pèmèt ou korijé kontak enfòmasyon-w, gadé enfòmasyon sou dosyé ou genyen ki annatant avèk ajans la, e siyen pou

ETAP RAPID POU RANTRE DONE ELEKTRONIKMAN

1. Alé nan www.nlr.gov
2. Pwointé sou karé E-GOV, e kliké E-Filing
3. Swiv direksyon ki bay sou ekran.

BENEFIS SOU ANTRE DONE ELEKTRONIK (E-FILING)

Li resewva imédiatman

Lè-w ranpli dokiman yo élektronikman avèk Ajans la, w-ap résewva yon paj konfimasyon ke-w kapab enprimé pou dosyé-w. Paj konfimasyon-an gen yon niméwo konfimasyon k-ap sèvi kòm prèv ke dokiman te ranpli élektronikman avèk siksè.

DELE PWOLONJE

Yon lòt avantaj konsidérab nan ranpli doné elektronikman se délè pwolonjé-a pou ranpli dokiman yo. Denyé délè pou ranpli dokiman se 11:59 pm nan lè zòn biwo k-ap résewva-l nan dat li bout la.

Denyé délè pou ranpli dokiman pa lòt mwayen se anvan ke pòt biwo k-ap reséwva dokiman fèmen pou biznis.

Anrejistreman pou Sèvis Elektronik

Lè-w anrejistré avèk "My NLRB," ou ka anrejistré tou pou sèvis elektronik konsèy la avèk desizyon ALJ yo. Pati yo ki anrejistré pou sèvis elektronik ap resewva yon e-mail k-ap notifiyé yo imédiatman lè konsèy la fè sòti yon bagay oswa desizyon ALJ yo olyé ke li delivré pa lapos.

E-mail notifikasyon-an genyen yon lyen ki pèmèt moun yo gen aksè imédiatman avèk desizyon ki sou rézo elektronik la. Tèks an antyè konsèy la oswa desizyon ALJ ap disponib a piblik la nan pwochen jou ouvrab la, lè yo meté-l sou sit NLRB-a.

Anplis, pati yo ki anrejistré pou sèvis elektronik ap resewva tou nan men konsèy la yon kout-wazi e-mail notifikasyon nan nenpòt dokiman ki ranpli elektronikman nan yon ka yo te patisipan. Moun yo ki anrejistré pou E-Service ap resewva yon e-mail mizajou de Ajans la de tanzantan konsènan nouvo lwa yo, pwosédi oswa lòt nouvèl sou entéré moun ki patisipé nan ka yo. Pou aprann plis sou E-Service, alé nan <http://mynlrb.nlr.gov>

KI DOKIMAN KI KA RANPLI ELEKTRONIKMAN (E-FILED?)

Pifò dokiman ka ranpli élektronikman:

- Répons a plaint/ spésifikasyon Konfòmité
- Ranpli kontestasyon
- Temwayaj de yon zanmi tribinal la oswa répons sou temwayaj zanmi tribinal la, dokiman légal soumèt nan tribinal aprè yon odians, dokiman légal an sipò a yon pwopozisyon
- Renonsé a yon entéré
- Aplikasyon EAJA
- Prèv
- Lis Ekselsyò
- Eksepsyon- dokiman légal oswa yon répons a yon eksepsyon
- Dokiman ki prouvè yon évidans
- Demann pou pwolongasyon
- Akò règleman fòmèl
- Lèt
- Pwopozisyon, opozisyon a yon mosyon, e répons a opozisyon pwopozisyon
- Demann pou rété yon éleksyon
- Notis sou konparisyon
- Opozisyon a éleksyon
- Pétiyon pou revoké yon asiyasyon oswa repons
- Pozisyon déklarasyon
- Demann pou revizyon e opozisyon a yon demann pou revizyon
- Demann otorizasyon spesyal pou chanjman nan yon desizyon ofisyèl
- Demann pou pousoiv avèk éleksyon
- Kesyonè
- Akò règleman
- Sèvis dokimantasyon
- demann Anilasyon

KI DOKIMAN KI PA KA RANPLI ELEKTRONIKMAN?

Dokiman sa yo pa kapab ranpli elektronikman avèk Ajans la:

- Pratik delwayal nan travay
- Réprezantasyon pétiyon yo
- Pétiyon sou opinyon yon tribinal
- Yon dokiman ki plis ke 20 megabyte nan gwosè